

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna “Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sosial) miboga tujuan husus nyaéta ngadéskripsikeun: 1) struktur carita dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*, 2) aspék psikologi sosial nu nyampak dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*, jeung 3) larapna dongéng *Nyi Kalimar Bulan* pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta struktural, psikologi sosial, jeung kritéri milih bahan ajar. Ieu panalungtikan kaasup kana kualitatif kalawan métodena déskriptif analitik.

Ieu panalungtikan ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nyaéta dongéng *Nyi Kalimar Bulan* diwangun ku unsur intrinsik nu ngawengku téma, galur, palaku, latar, puseur implengan, jeung amanat. Ieu dongéng ogé ngandung aspék psikologi sosial nu ngawengku pikiran sosial, pangaruh sosial, jeung hubungan sosial. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dilarapkeun jadi bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP lantaran luyu jeung kritéria milih bahan ajar.

Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* miboga téma nyaéta budak anu doraka ka indungna sabab kapangaruhan ku omongan batur. Galur dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan* nyaéta galur mérélé atawa kronologis. Palaku dina ieu dongéng aya genep. Palaku utama aya hiji nyaéta Nyi Kalimar Bulan miboga watek nurut, babari kaolo, jeung doraka ka indungna. Sedengkeun palaku tambahan aya lima nyaéta Lembu Wulung, Nyi Rukimi, widadari, paburu gegedén nagara, jeung urang lembur. Latar dina ieu dongéng ngawengku dalapan latar tempat, sapuluh latar waktu, jeung tilu latar sosial. Puseur implengan nu dipaké dina nepikeun ieu dongéng nyaéta jalma kahiji-sarwanyaho. Amanat dina ieu dongéng nyaéta teu meunang doraka ka indung lantaran percaya kana omongan batur.

Aspék psikologi sosial nu nyangkaruk dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan* nyaéta pikiran sosial, pangaruh sosial, jeung hubungan sosial. Pikiran sosial nu dipiboga ku unggal palaku dina ieu dongéng ngalantarankeun ayana pasualan nu mekar jadi konflik. Nyi Kalimar Bulan salaku budak awéwé geulis nu dumuk di leuweug jeung

indungna nu wujudna sapi, kaolo milu ka lembur ku tukang suluh nyaéta Nyi Rukimi nu miboga niat goréng ka manéhna. Tungtungna Nyi Kalimar Bulan jadi doraka ka indungna. Pangaruh sosial dina ieu dongéng katitén tina bédana wujud indung jeung budak, sikep mangaruhan nu ditunjukkeun ku Nyi Rukimi, sarta Nyi Kalimar Bulan nu hayang miluan ulin jeung barudak di lembur. Hubungan sosial dina ieu dongéng ngawengku prasangka Lembu Wulung jeung Nyi Rukimi, *agresi* Lembu Wulung jeung Nyi Rukimi, jalma-jalma nu kataji ku kageulisan Nyi Kalimar Bulan, kaintiman nu digambarkeun sacara kiasan antara Lembu Wulung jeung paburu gegedén nagara, sikep nulungan nu ditunjukkeun ku widadari ka Lembu Wulung, jeung konflik carita nyaéta nalika Nyi Kalimar Bulan doraka ka indungna.

Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* bisa dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP lantaran luyu jeung kritéria milih bahan ajar. Tujuan nu hayang dihontal tina ieu pangajaran nyaéta siswa maham kana eusi, struktur, jeung fungsi sosial nu dikandung dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*. Eusi carita dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan* ngandung ajén-ajén positif nu bisa dijadikeun pieunteungeun pikeun kahirupan sapopoé. Dongéng minangka karya sastra Sunda buhun mangrupa salasahiji warisan ti entragan saméméhna. Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* miboga mangpaat nyaéta nambahan pangaweruh siswa ngeunaan karya sastra Sunda patali jeung basa, sastra, jeung budaya. Dongéng *Nyi Kalimar Bulan* luyu jeung KI-KD Kurikulum 2013 révisi 2017 di kelas VII SMP, sarta jalan caritana deukeut jeung kahirupan siswa.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan miboga implikasi dina tilu widang nyaéta atikan, sastra, jeung sosial. Dina widang atikan, dipiharep ieu panalungtikan bisa ngamekarkeun bahan ajar di sakola. Dina widang sastra, dipiharep bisa ngamekarkeun sastra Sunda sarta numuwuhkeun karesep siswa diajar sastra Sunda. Dina widang sosial, dipiharep bisa nambahan pangaweruh, utamana ngeunaan aspék psikologi sosial nu nyangkaruk dina karya sastra.

### 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu ditujukeun ka pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Kahiji, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep panalungtikan ngeunaan psikologi sosial bisa tuluy dilaksanakeun pikeun ngamekarkeun sastra Sunda, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan satuluyna. Kadua, nyaéta pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di sakola. Katilu, nyaéta pikeun masarakat dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan sastra Sunda hususna dongéng.